

SEJARAH PANGIWA SAJRONE SERAT PARAMAYOGA (TINTINGAN FILOLOGI)

Deny Cahyono, Drs. Bambang Purnomo, M.Si.

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa)

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Surabaya

deny_momo@ymail.com

Abstrak

Sastra mujudake salah sawijine budaya luhur kanggo sarana nularake idhe-idhe panemu, ilmu kawruh, lan sejarah. Isine wigati tumrap bebrayan amba kanggo disinaoni lan kudu digethoktularake marang liyan. Naskah *Serat Paramayoga* mujudake isi kang narik kawigaten lan perlu banget diweruhi dening bebrayan amba mligine bebrayan Jawa, amrih nilai-nilai kang diandhut sajrone naskah bisa lestari lan dadi pamawas sing migunani amarga bab iki miturutku wigati, awit gedhene pamawas sejarah ing sajrone naskah. *Serat Paramayoga* isine ngenani trah temurune Kanjeng Nabi Adam kang metu saka agamane Kanjeng Nabi Adam tumekan lumebet manungsa ing tanah Jawa, ananging kang ditengenake ing kene bakal nitingi awit mulane sejarah pangiwa, saengga dipilih irah-irahan “*Sejarah Pangiwa Sajrone Serat Paramayoga*” kanggo panliten iki.

Adhedhasan andharan kasebut bisa dijupuk undering rembug : (1) Kepriye deskripsi *Serat Paramayoga*, (2) Kepriye suntingan teks *Serat Paramayoga*, (3) Kepriye unsur historik sajrone *Serat Paramayoga*. Paedah kang bisa dijupuk saka panliten yaiku paedah tumrap jagading ilmu filologi arupa seserepan bab deskripsi, suntingan teks, lan mligine ing kawruh ngenani sejarah pangiwa kang kaandhut sajrone Naskah *Serat Paramayoga*. Paedah tumrap panliti yaiku nambahi kawruh apa kang kinandhut sajrone *Serat Paramayoga*, mligine kawruh ngenani sejarah pangiwa. Dene tumrap pamaos bisa nambahi kawruh ngenani isi sajrone *Serat Paramayoga*.

Deskripsi Naskah *Serat Paramayoga* yaiku: Naskah iki kasusun saka 204 kaca, saben kacane nduweni nomer rangkep (10a, 10b, 11a, 12b, lsp) yen kaitung kabeh ana 408 lembar, kanthi cathetanbageyan sampul utawa irah-irahan lan kaca awal ngati kaca nem wis ora ana. Bageyan awal naskah kang ora ana kasebut bakal ditembel nggunakake *Serat Paramayoga* terbitane Yayasan Centhini, kanggo nggoleki cerita awal naskah kang ora ana. Naskah *Serat Paramayoga* kang asli yaiku anggitane Raden Ngabei Ranggawarsita kang disalin dening Almarhum Bapak Slamet lan dadi objek panliten iki. Kahanane naskah isih apik lan kalebu gampang diwaca. Wujud panulisane arupa tembang macapat yaiku yaiku Dhandhanggula, Pangkur, Sinom, Mijil, Megatruh, Pocung, Gambuh, Asmarandhana, Dorma, Kinanthi, lan Girisa. Katulis ana ing kertas putih ginaris nganggo aksara jawa, basa jawa ngoko lan krama.

Tata cara ngolah data yaiku kanthi suntingan teks kang sadurunge wis ditranslit kanthi cara Edhisi Diplomatik. Panyuntingan teks kang ditindakake ing panliten iki yaiku mligi ing teks-teks utawa ukara kang kurang trep lan ngrembug ngenani sejarah pangiwa dinomeri, banjur tembung lan ukara sing narik kawigaten panliti dikritik lan komentar. Asil saka tintingan dhata panliten yaiku deskripsi naskah, suntingan teks lan sejarah pangiwa kang kaadhut sajrone *Serat Paramayoga*.

PURWAKA

Landhesane Panliten

Sastra mujudake salah sawijine budaya luhur sing ora bisa dipisahake saka masyarakat. Sastra dadi sarana masyarakat kanggo nularake idhe-idhe utawa panemu-panemu ngenani sawijine babagan kang mesthine kudu digethoktularake. Sastra mujudake piranti piwulangan kang paling gampang ditemoni, lan sarana komunikasi sing paling bisa digayuh dening sakabehe lapisan masyarakat. Sastra bisa diripta dening sapa wae pawongan, ananging kang isine apik lan migunani mung asil pamikiran wong wasis ing babagan sastra.

Sastra Jawa yaiku sastra kang tuwuh lan ngrembaka ing tanah Jawa sing isine uga samubarang bab kang duweni gegayutan karo bebrayan jawa. Sastra Jawa dipercaya mujudake penganggane sarana piwulangan kang paling utama. Ing sastra Jawa ana kang diarani *perisodesasi* sastra jawa, *perisodesasi* sastra Jawa diwiwiti

saka sastra Jawa kuna, sastra Jawa pertengahan, sastra Jawa anyar lan sastra Jawa modern.

Isi sajrone kasusastran yaiku bisa ngenani pemawas lan gegambarane urip bebrayan jaman mbiyen. Pigeaud (sajrone purnomo, 2007:29-32) Asile sastra bisa menahi pamawas, bebrayan jawa nglampahi lan keprabawan owah ginsire kabudayan manut lan salaras karo owah-owahane jaman. Kawiitan saka budaya Hindhu-Budha nganti Islam saengga ndadekake kabudayan jawa saya maneka warna lan ngrembaka. Maneka warnane kabudayan kang ana, sastra kang paling narik kawigaten kanggo diteliti, mligine seratan naskah amarga ngandhut *informasi* kang luwih akeh lan luwih gamblang. Kajaba kuwi, naskah duweni kaluwihan ing isine *teks* kang luwih jangkep lan katerangan sing cetha tinimbang sastra lisan. Katerangan kuwi mau dadi panyengkuyung kuwat kanggo ndadekake *deskripsi* kang tinemu nalar.

Kaya kang wis diandharake sadurunge, isi sajrone kasusastran bisa ngenani pemawas lan gegambarane urip

bebrayan jaman mbiyen. Pigeaud (sajrone Purnomo, 2007:29-32) ngandharake yen ana 13 jinis naskah kang ana ing Indonesia yaiku *Naskah Epik-Kepahlawanan*, *Naskah Historiografi Tradisional*, *Naskah Kebahasaan*, *Naskah Genealogi Manusia dan Raja-raja*, *Naskah Filsafat dan Folklore*, *Naskah Religi-Keagamaan*, *Naskah Mistik*, *Naskah Etik dan Didaktis*, *Naskah Obat-obatan*, *Naskah Tentang Aturan dan Norma Hukum*, *Naskah Palintangan*, *Naskah Nujum*, *Naskah Arsitektur Tradisional*. Ing saperangan jinis naskah ing ndhuwur ngemu paedah lan aspek filsafat kang gedhe, kaya naskah *Epik*, *Filsafat*, *Religi*, *Etik* lan *Norma Hukum*.

Genealogi duweni teges ilmu kang nyinaoni ngenani perkara keturunan kang ana gegayutane karo garis turun utawa *silsilah* saka asal mulane sawijine pawongan utawa bab tartamtu (J.Ch. Gatter, 1727-1799). Bisa uga duweni teges yen samubarang kang ana ing jaman saiki duweni asal mula lan ora bisa kapisahake, conto kang paling gampang kayata pawongan kang isih enom asale saka wong tuwane. Ananging yen wis sajrone konteks luwih amba kang dimaksud genealogi yaiku ngenani saka sesambungan kang paling cedheg nganti tekan kang paling adoh.

Naskah kang kagolong genealogi mesthi gegayutan karo panjlentrehan garis turun saka powongan utawa golongan. Contone naskah Pararaton, Negarakertagama (Pupuh 40-49). Biyasne kang dirembug ing kono kanggo mangerteni asal mulane pawongan utawa golongan, mligine dadi tokoh kang dikenal lan duweni daya pangaribawa tumrap bebrayan akeh. Tujuwane ora liya kanggo nggambangake samubarang kang isih ana sesambungane lan dadi sumber sejarah pasinaon kang migunani kanthi dhasar jelas. Salah sawijine seratan kang kalebu Genealogi yaiku Serat Paramayoga.

Serat Paramayoga dipilih dadi objek panliten kejaba naskah iki durung ana sing nintingi, Naskah iki nduweni isi kang narik kawigaten lan perlu banget di amrih nilai-nilai sajrone bisa lestari amerga ngandhut pamawas kang gedhe. Serat Paramayoga saliyan njetrehake ngenangi garis turun pangiwa saka Nabi Adam uga menahi pamawas ngenani sumber sejarah kang gambang, saengga dipilih irah-irahan "***Sejarah Pangiwa Sajrone Serat Paramayoga***" kanggo panliten iki.

Serat Paramayoga kang dadi bahan panliten iki asale saka salah sawijine pawongan, yaiku kagugane Alm. Mbah Slamet kanthi alamat Desa Ringinpitu, RT. 03 RW. 03, Kecamatan Kedung Waru, Kabupaten Tulungagung. Serat iki kaserat mawa aksara Jawa, asil tulisan tangan, wujud tembang macapat, lan nganggo basa Jawa. Kahanane naskah isih apik, lan kalebu gampang diwaca, ananging ana kaca kang ora jangkep yaiku kaca 1 nganti 6. Katitik sak isine serat paramayoga iki, wigati banget kanggo diteliti kanthi rowa lan mligi, jalaran ngandhut pamawas kang luhur.

Serat Paramayoga ngrembug bab keturunan utawa garis turun Nabi Adam tumekan bab pewayangan. Ananging ing serat Paramayoga kang diceritakake namung saka turun pangiwa, yaiku tedhak turune kang nurunake sipat ala. Sabanjure tuwuh naskah-naskah kang meh saemper uga serat salinan. Isi kang dirembug uga

nduweni bab seratan padha, nanging uga ana wuwuhan kang diwenehake pangripta kaya bab anyar utawa basa kang digawe luwih ditrepake marang kahanan nalika kuwi. Saka anane maneka warna serat-serat kang isine meh memper, bisa diarani naskah liyane kuwi minangka hasil variasi saka prototipe Serat Paramayoga. Mula uga bakal ana perbandingan karo naskah kang saemper.

Kanggo nafsirake bab kang dirembug sajrone naskah iki bakal migunakae metodhe hermeneutika. Supaya bisa gampang anggone ngonceki penafsiran bab kang dirembug, amerga methode iki luwih nengenake penafsiran saka pamaos ngenani bab asketik sajrone Serat Paramayoga.

Sajrone panliten bab naskah kuna ora bisa uwal saka filologi. Filologi yaiku ilmu kang gegayutan studi ngenani naskah lawas, lan ngandharake perkara-perkara kang nyengkuyung analisis tumrap naskah. (Purnomo, 2007:1). Uga diandharake yen tujuwan khusus saka filologi yaiku nyunting sawijine naskah sing dianggep paling murni utawa paling cedhak klawan naskah asline sajrone edhisi ilmiah kang dianggep luwih *representatif*. Saka bab kuwi kegiatan suntingan teks ditindakake kanggo ngasilake naskah kang luwih gampang diamngerteni kanthi kegiatan translitrasi lan kritik teks.

Serat Paramayoga iki bakal wujud lan isine. Cara kang sepisan ing *study* naskah yaiku kanthi *suntingan naskah* utawa kang diarani *suntingan teks*. Saka andharan kang wus ana ngenani suntingan mau, disumurupi yen metode suntingan naskah duwene teges saperangan kawruh filologi kang duweni paedah kanggo nyiapake sawijine naskah (utawa luwih) kang diajab *representative* kanggo diteliti (Purnomo, 2007:20). Ana telu kang kudu ditindakake sajrone suntingan, yaiku terbitan teks, aparat kritik, lan komentar utawa cathetan.

Terbitan teks mujudake asil saka pakaryan nyunting kanthi nggatekake basa (ejaan, diksi, lan struktur) kritik, sarta komentar. Kritik duweni teges panyaru, tanggapan kang kadhang kala diwenehi andharan lan penilaian becik-alane sawijine karya sastra. Komentar duweni tujuwan kanggo njlentrehake suntingan yen kurang cetha ngenani wacan endi kang kudu dijupuk, kena ngapa kudu dijupuk. Iku mau paedha yen ana perangan suntingan kang ora cetha maksude, kurang cetha tulisane, kurang cetha unsur kang dirembug lan liya-liyane.

Underane Panliten

Adhedasar jlentrehan ing mula bukane panliten, mula undhere panliten iki yaiku:

1. Kepriye *deskripsi* Serat Paramayoga?
2. Kepriye *suntingan teks* Serat Paramayoga?
3. Kepriye *sejarah pangiwa* sajrone Serat Paramayoga?

Tujuwane Panliten

Ing kene yaiku ngenani jlentrehan apa kang dikepinginake panulis. Mula tujuwan kuwi diperang dadi loro yaiku tujuwan umum lan tujuwan khusus. Dene tujuwan umum yaiku kekarapan panliti kanthi sasaran umum dene tujuwan khusus yaiku pangajab utawa pangarep-arep saka panliti kang ana gegayutane karo undhere panliten.

Tujuwan Umum

Tujuwan umum kang dikepenginake panliti ing kene yaiku ngonceki apa kang dadi isi ing serat, lan nggayutake karo serat kang isine meh memper. Banjur apa paedahe Serat Paramayoga tumrap bebrayan Jawa.

Tujuwan Khusus

Anane tujuwan khusus kang kepingin dirembug dening panliti yaiku :

- 1) Ngandharake *deskripsi* Serat Paramayoga.
- 2) Ngandharake *suntingan teks* Serat Paramayoga.
- 3) Ngandharake *sejarah pangiwa* sajrone Serat

Paramayoga

Paedahe Panliten

Paedah panliten yaiku paedah kang dikarepake bisa menehi gambaran padhang utawa kawruh marang pamaos sawise maca panliten iki. Amerga saben panliten kudune bisa menehi paedah utawa bab sing anyar tumrap pamaos.

Saka anane panliten iki diajab nduweni paedah tumrap panliten sastra Jawa lawas kang nggunakake kanthi nggunakake tintingan filologi. Supaya mengko menehi gambaran jelas isi saka Serat Paramayoga tumrap pamaos umum lan mahasiswa jurusan basa lan sastra Jawa.

Wewatesane Istilah

Istilah utawa tetembungan ing ngisor iki dadi kunci lan bakal akeh dirembug sajrone panliten. Ing kene diandharake supaya mengkone pamaos bisa luwih gampang anggone mangerteni kang bakal dirembug.

- 1) Sejarah : *study* ngenani mangsa kapungkur kang wus kalampahan mligine ngenani manungsa, kedadeyan kang bener-bener ana bisa asal-usul (*silsilah*) kanthi runtut.
- 2) Naskah: sekabeane tulisan tangan kang ngandhut sekabehe wujud pikiran lan pangrasa asil kabudayan jaman biyen, awujud kongkrit kang bisa dideleng lan dicekel (Suryani, 2011:47)

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Panliten ngenani naskah butuhake teori-teori panyengkuyung. Teori-teori panyengkuyung iku bisa saka buku-buku asli reriptane para ahli ing bab filologi. Uga dibutuhake *referensi* saka panliten sadurunge, kanthi tujuwan kanggo lelandhesan andharan-andharan kang bakal diandharake sajrone Serat Paramayoga iki. Teori kang digunakake kudu relevan tumrap bab sing bakale dionceki, andharan ngenani tintingan kapustakan kang bakal digunakake ana ing ngisor iki.

Panliten kang Saemper

Panliten kang saemper mujudake asil skripsi kang wis luwih dhisik ditliti kanthi objek utawa panliten kang saemper, analisis kang uga saemper, ananging duweni tujuwan lan tintingan objek panliten kang beda. Panliten kang saemper bakal diandharake ing ngisor iki.

- 1) Panlitene Vivin Novalina Herawati, Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, 2010, kanthi irah-irahan *Suntingan Teks lan Piwulangan Moral ing Sajroning Naskah Serat Wulang Sunu*

Versi Pacitan. Panliten iki ngandharake bandhingan antarane Serat Wulang Sunu saka Pacitan lan Wulang Sunu saka Sonobudaya. Panliten iki migunakake tintingan struktural, banjur ngandharake piwulangan moral sajrone naskah.

- 2) Panlitene Nurlila, Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, panliten 2011, kanthi irah-irahan *Kapandhegan Sajrone Serat Ranggalawe*. Panliten iki ngandharake struktur serat Ranggalawe lan kapandhegan sajrone serat ranggalawe.

Panliten-panliten kasebut menehi conto saka panliten kang saemper, yaiku objek kang ditliti padha-padha naskah lawas lan padha-padha kalebu ing panliten Filologi, ananging kang dadi pambada yaiku objek utawa naskah kang ditliti lan cara ngoncekine. Saliane iku naskah kang objek utawa irah-irahane padha isa ditliti karo wong sing beda kanthi cara tintingan kang beda, saengga asile panliten uga beda. Asil saka panliten kudu nduweni pambada saka panliten liyane kang saemper. Panliten kang saemper mau uga dadi rujukan saka panliten liyane, kalebu uga panliten iki supaya asile bisa luwih apik lan menehi bab anyar tumrap pamaos.

Panliten iki njupuk objek Serat Paramayoga. Sabanjure panliten iki diajab bisa ngandharake ngenani *Sejarah Pangiwa Sajrone Naskah Paramayoga*. Dadi bisa didudut yen panliten iki beda karo panliten-panliten sadurunge kang saemper.

Naskah lan Teks

Naskah nduweni teges tulisan tangan kang nyimpen maneka gagasan, pamikiran lan pangrasa. Mujudake warisan ing jaman biyen uga diwastani kanthi aran *manuskrip*, ing basa Inggris dikenal kanthi *manuscript*, lan ing Belanda *handschrift* (Purnomo, 2007:19). Naskah-naskah lawas nduweni isi lan jinis kang maneka werna, wiwit saka bahan kanggo panulisan nganti isi kang kaandhut ing njerone naskah.

Miturut Djamaris (2006:3) naskah kuwi sakabehe bahan kanggo tulisan tangan mujudake warisane leluhur ing jaman semana kang katulis ing kertas, rontal/lontar, kulit, kayu, pring lan rotan. Kamidjan (2009:3) ngandharake yen naskah kuwi sawijine wujud asil kang arupa tulisan tangan. Bahan kanggo panulisan naskah kang maneka warna iku mau mujudake asil budaya lan kearipan masyarakat.

Panulisan naskah bisa nggambarake lan menehi pamawas ing jaman apa naskah kasebut ditulis, amarga wujud lan isine naskah manut periode lan kabudayan jaman nalika naskah kasebut ditulis. Periode-periode kasebut menehi titikan lan pamawas asal-usule naskah, amarga saben jaman duweni budaya dhewe-dhewe kang menehi pangaribawa masyarakat. Kearipan masyarakat lan lingkungan uga bisa dadi titikan pangrembakane tulisan.

Miturut jinise kaya kang wis dirembug ing bab mula bukane panliten saka Pigeaud (sajrone Purnomo, 2007,29-32) naskah nuswantara diperang dadi telulas yaiku (1) *Naskah Epik-Kepahlawanan*, (2) *Naskah Historiografi Tradisional*, (3) *Naskah Kebahasaan*, (4)

Naskah Genealogi Manusia dan Raja-raja, (5) *Naskah Filsafat dan Folklore*, (6) *Naskah Religi-Keagamaan*, (7) *Naskah Mistik*, (8) *Naskah Etik dan Didaktis*, (9) *Naskah Obat-obatan*, (10) *Naskah Tentang Aturan dan Norma Hukum*, (11) *Naskah Palintangan*, (12) *Naskah Nujum*, (13) *Naskah Arsitektur Tradisional*. Saperangan jinis naskah sadurunge ngemu paedah lan aspek filsafat kang gedhe, kaya naskah *Epik*, *Filsafat*, *Religi*, *Etik* lan *Norma Hukum*.

Serat Paramayoga yen katitik saka isine kalebu *Naskah Genealogi Manusia dan Raja-Raja*. *Naskah Genealogi* isine njlentrehake bab tedhak turun sarta sejarah saka pawongan utawa golongan. Bab kasebut laras karo Isine Serat Paramayoga kang njlentrehake asal mulane sejarah pangiwa wiwit saka Nabi Adam nganti tumekane para Dewa-dewa.

Objek sajrone panliten filologi yaiku naskah, dene sajrone naskah ngandhut pirang-pirang teks kang cetha lan uga ana kang abstrak (Baried, 1985:56). Miturut Kamus Besar Bahasa Indonesia (1990) isine naskah yaiku, 1) tembung-tembung asli saka pengarang 2) kutipan saka kitab suci kanggo ajaran utawa alasan lan 3) bahan tinulis kanggo menehi piwulangan pidhato lan liyane. Miturut Purnomo (2007:20) sajrone paugeran kang diduweni filologi kuwi ana kang diarani teks yaiku sakabehe wacan kang ana utawa tuwuh sajrone naskah, Purnomo uga ngandharake yen teks umume ditegesi tulisan ngenani sawijine bab.

Bedane naskah lan teks kedadayan nalika ana naskah kang anyar nanging nduweni teks sing tuwa (Baried, 1994:57). Teges saka andharane Baried yaiku kadhang kala ana naskah anyar ananging isine saka teks kang wis tuwa utawa salinan. Sajrone naskah menehi maneka unsur kanggo diteliti, amarga kandhutan naskah ngemu pamawas ngenani *produk* jaman mbiyen kang relevan tumrap jaman saiki. Dumadine teks diperang dadi telung jinis yaiku 1) teks lisan ora ditulis 2) teks naskah utawa tulisan tangan 3) teks kang dicetak (Baried, 1985:56).

Filologi

Filologi asale saka tembung latin, yaiku *philos* lan *logos*. *Philos* duweni teges “tresna” lan *logos* tegese “tembung”. Filologi kanthi harfiah duweni teges tresna tumrap tembung utawa seneng marang tembung (Purnomo, 2007:9). Babagan iku sing njalari filologi diwarnani kanthi tembung-tembung. Sabanjure tembung-tembung iku mau ditimbang, dibandhingake, lan diandharake isine saengga cetha wujud lan tegese.

Laras karo pangrembagane jaman, Filologi ora mung mujudake pangerten tresna tumrap tetembungan, ananging banjur tuwuh dadi tresna ing babagan kawruh (ilmu). Filologi ora mung ditujukake marang teks, anang uga samubarang kaweruh apa wae kang wis dimangerteni manungsa apa dene kang durung dimengerteni manungsa.

Objek panliten filologi yaiku awujud naskah lan teks. Naskah yaiku tulisan tangan kang ngemu pamikiran saka pangripta. Baried (1984:54) ngandharake naskah yaiku tulisan tangan kang nyimpen pamikiran lan pangrasa minangka kasil budaya bangsa jaman mbiyen. Diandharake uga dening Baried ngenani tegese teks yaiku

kandhutane naskah, bab kang abstrak lan mung bisa diangen-angen.

Miturut pangerten *konvensional* filologi dingerteni dadi *Study* naskah nelaah teks-teks klasik, kanthi tujuwan mangerteni isi lan kahanane naskah, sasampurnane, sarta ndadekake naskah iku mau dadi perangan sejarah sawijine bangsa (Baroroh-Baried: 1984; ing Purnomo 2007: 12). Asile panliten filologi bisa didadekake perangan sejarah saka bangsa. Kathi ora langsung, anane filologi uga menehi sumbangsih tumrap bangsa.

Andharan ing dhuwur bisa dimangerteni yen naskah lan teks kuwi ora bisa dipisahake. Kekarone nduweni gegayutan marang liyane, wujud naskah kuwi nyata yen teks kuwi *abstrak*. Teks mbabar isi, ide utawa amanat kang diwedharake dening pangripta naskah (Baried, 1984:56). Saengga ndadekake kekarone kuwi minangka objek panliten filologi

Deskripsi Naskah

Deskripsi naskah ditindakake kanggo menehi peprincene naskah. Paedahe deskripsi naskah yaiku panliti luwih gampang anggone nemtokake tintingane. Bab sing diandharake ing deskripsi naskah yaiku samubarang ngenani kahanan fisik naskah kanthi apa anane. Purnomo (2007:33) ngandharake bab-bab kang kudu digatekake sajrone dekripsi naskah yaiku: (1) panggonan nyimpen naskah, (2) nomer (yen ana) ditulis kanthi jangkep, (3) asmane pangripta utawa panulis (bisa panyalin utawa panerbit), (4) bahane naskah (papyrus, dluwang, lontar, kulit, wilahan pring, lan liyane), (5) ukurane naskah, (6) cacahé gatra saben kaca naskah, (7) jinise tulisan, (8) kahanane tulisan (cetha, mblawur, rusak), (9) kahanane naskah, umure naskah, (10) bab-bab liyane sing nduweni gegayutan marang kahanane naskah.

Saka andharan ngenani deskripsi naskah sadurunge mula ditindakake deskripsi ngenani naskah Serat Paramayoga sing dadi objek panliten iki yaiku, naskah serat iki disimpen ana daleme Alm. Bapak Slamet kanthi alamat desa Ringinpitu, RT 03 RW 03 Kecamatan Kedungwaru, Kabupaten Tulung Agung. Bahane naskah yaiku saka kertas kuning ginaris, migunakake aksara jawa lan basa jawa, naskah kang asli diripta dening R.Ng. Rangawarsita. Naskah iki koleksi pribadine Alm. Bapak Slamet lan durung mangerti asale saka ngendi amarga kulawargane uga ora ana mangerteni.

Transliterasi

Serat Paramayoga iki ditulis nganggo aksara Jawa, saengga diganti nganggo aksara latin kanthi kegiatan *transliterasi* supaya nggampangake pamaos. *Transliterasi* mujudake kegiatan ngowahi tembung-tembung utawa ukara kang ora umum sajrone naskah.

Tujuwan *transliterasi* nggampangake pamaos anggone mangerteni isi naskah lan teks. Sajrone ngowahi tembung-tembung kang dikarepake panliti supaya nggatekake aturan-aturan kang ana, dadi panliti ora kena nganti tanpa dhasar, amarga bisa ngrusak isi naskah kasebut. Purnomo (2007:35) ngandharake transliterasi yaiku mindah utawa ngganti jinis tulisan kanthi sakabehe, aksara mbaka aksara, abjad siji neng liyane. Miturut

Baried (1994:63) translitrasi yaiku ngganti jinise tulisan, aksara marang aksara, huruf mbaka huruf, istilah iki digawe kanthi bebarengan karo istilah transkripsi kanthi teges lan tugas kang padha.

Translitrasi bisa ditindakake nganggo rong cara, sepisan nggunakake *edisi diplomatik* lan *edisi standar*. *Edisi diplomatik* yaiku nranslit naskah apa anane tanpa nindakake owah-owahan. *Edisi standar* utawa *edisi biasa* sajrone nerbitake ditindakake *emendasi* utawa mbenerake marang kaluputan, ora ajege, *penyimpangan teknis*, lan ejaane dilarasake marang *normatif* kang ana (Purnomo. 2007:43)

Adhedasar tujuwan panliten iki kang ngajib supaya nerbitake naskah kang bisa dimangerteni dening pamaos, mula panliti nindakake tranlitrasi *Edisi Diplomatik* yaiku asil transliterasi naskah ditulis apa anane kalebu tembung kang dianggep kurang trep banjur dibenerake sajrone aparat kritik. Supaya luwih nggampangake lan cepet anggone nranslit.

Suntingan Teks

Suntingan yaiku kegiatan mbenerake (*editing*) teks. Mujudake salah sawijine cara kerja panliten filologi, kanggone yaiku ndadekake teks kuwi bener kanthi ilmiah. Tegese suntingan teks yaiku seprangkat kawruh kang dikanggo kanggo nyiyapake sawijine naskah utawa manuskrip, kang dianggep saemper nganti kanggo edhisi ilmiah sawijine teks. Suntingan teks nduweni teges maneka warna, tuladhane nyalang, nedhak, lan nyunting.

Ana rong metodhe sajrone nyunting teks, yaiku metodhe standart lan diplomatik. Metodhe standart nduweni tujuwan nggampangake pamaos mangerteni teks. Edhisi diplomatik nduweni tujuwan njaga isine naskah supaya tetep asli (orisinilitas) lan ora owah nalika kasunting. Metodhe diplomatik nduweni trap-trapan teks kaya asline, koreksi, saran lan komentar.

Kritik Teks

Kritik teks miturut Baried (1994:61) asale saka tembung basa Yunani yaiku *krites* sing nduweni teges *hakim*, lan *krien* tegese ngakimi, *kriterior* tegese dhasar sawijine kegiatan utawa proses ngakimi. Baried uga ngandharake yen kritik teks kuwi mujudake kegiatan menehi evaluasi marang teks, nliti lan nyocogake teks ing papan kang bener. Purnomo (2007:10) ngandharake yen kritik teks yaiku upaya kang ditindakake kanggo ndandani, nglurusake uga *representasi* maneh naskah lan teks kanthi tujuwan kanggo nemokake teks kang *representatif* utawa bisa dipercaya.

Kritik teks kegiatan menehi evaluasi marang objek panliten, ora mung kuwi kegiatan nintingi lan menehi panyaru tumrap teks kanggo ndadekake objek panliten kuwi representatif. Saka asil kritik teks iku mau kaajib supaya asile panliten ora owah saka kang dikarepake utawa meh sampurna.

Komentar

Komentar yaiku sekabehane andharan kang sipat *argumentatif* utawa miturut pamawase panliti kanthi dhasar tatanan kang ana. Komentar duweni kalungguhan kang wigati tumrap karya sastra saben edhisi teks.

Paedahe komentar kang digunakake sajroning telaah teks, kang bakal diterbatake ing edhisi ilmiah.

Komentar duweni paedah kang beda kelawan aparat kritik. Purnomo (2007: 53) ngandharake komentar yaiku ngandharake saka panyunting menawa isih ana kang wagu ngenani wacana endi kang kudu dijupuk lan endi kang kudu dipilih, uga andharan mbok menawa ana sawijining tembung ora cetha utawa kliru panulisane. Planiti kudu blaka ngenani perangan-perangan kang dirasa angel, amarga kakurangan iki bakal ndadekake kaluwihan saka karya.

Hermeneutika

Kanthi prasaja hermeneutik ditegesi tafsir. Sajrone studi sastra hermeneutika kuwi mujudake tafsir sastra, Endraswara (2011:42) ngandharake yen sajrone panliten sastra hermeneutik nduweni paradigma dhewe. Hermeneutika dhewe saka tembung basa Yunani yaiku *hermeneuein* kang tegese nafsirake, kanthi *mitologi hermeneutika* gegayutan marang sebutane dewa ing Yunani '*Hermes*' kang nduweni tugas kanggo nurunake pesen saka Illahi marang manungsa (Ratna, 2004:45).

Anane teori iki ora bisa uwal saka panliten sastra, amarga sakabehe sastra nggunakake hermeneutika iki kanggo mangerteni isi lan makna teks kasebut. amarga kegiatan nafsirake iki ora gampang, ana kang kudu digatekake nalika nafsirake teks nggunakake teori hermeneutika iki. Pamikiran saka pamaos nduweni daya pangaribawa kang gedhe tumrap penafsiran kang ditindakake.

Sajrone panliten marang Serat Paramayoga iki panliti uga nggunakake teori hermeneutika, kanthi tujuwan bisa nafsirake lan mangerteni bab kang kinandhut sajrone teks kang bakal ditliti. Didhasari penafsiran saka pamaos kang beda-beda mula hermeneutik dipilih kanggo ngandharake bab sing bakal diduduh.

Sejarah Pangiwa

Sejarah ngandhut 3 pangerten, yaiku: 1. Kasusastran lawas, silsilah lan asal-usul 2. kedadeyan kang bener-bener ana ing jaman biyen 3. Ngandhut pamawas (Poerwodarminta, 1954). Sejarah bisa uga diarani cerita gegayutane ing pangeling-eling utawa *rekamane* manungsa. Umume bisa dimangerteni yen *hitoris* sesambungan karo sejarah yenta ana unsur kedadeyan, wektu, panggon lan garis crita kang urut wiwit panyebab lan akibate.

Sejarah Pangiwa yaiku silsilah Raja-raja kang dijupuk saka garis Gusti asipat *mystis*, yenta *Panengen* yaiku dijupuk saka garis turun Islam (Hadikusuma). *Sejarah Pangiwa* sajrone *Serat Paramayoga* yaiku pamawas ngenani silsilah utawa garis turune Kanjeng Nabi Adam kang uwal saka agma Islam. Isi kang dirembug ing jerone ngenani dewa-dewa ing kapitayan tanah Hindhustan tumekan mlebu ing tanah Jawa.

Lelandhesan Teori

Landhesan teori kang dikanggo kanggo ing panliten iki yaiku tintingan filologi. Baried (1994:2) ngandharake yen filologi mujudake sawijine disiplin ilmu kang diperlukake kanggo upaya kang ditindakake tumrap

peninggalan tulisan jaman mbiyen sajrone panliten kanggo nduduh nilai-nilai kang ana. Teori filologi kaya diandharake sadurunge yaiku ilmu ngenani *studi teks* lawas jaman mbiyen. *studi* iki kanggo nyinaoni bab kang kinandhut sajrone naskah kasebut. uga metodhe hermeneutika kang digawe nafsirake pemahaman kang ana ing teks naskah kuwi amarga arupa naskah lawas kang ora mokal sajrone panlitene mbutuhake pemahaman kang ora biyasa.

Teeuw (sajrone Nurgiyantoro, 2002:50) ngandharake yen kajian intertekstual kuwi nduweni tujuan mujudake kajian tumrap teks-teks kang nduweni wujud lan gegayutan tartamtu. Contone nemtokake anane *unsur intrinsik* kaya ide, *gagasan*, kedadayan, *plot*, *alur*, basa lan liyane. Mula kajian interteks nduweni tujuwan nemtokake unsur-unsur tartamtu kang wis ana ing karya sastra sadurunge, amarga ana gegayutane marang unsur *historis*.

Adhedasar andharan mau, panliti saka Prancis yaiku Julia Kristeva medharake yen *prinsip intertekstual* asring diarani mujudake winates antarane *prinsip otonom karya sastra*. Tegese saben teks diwaca lan kudu nggatekake latar belakang teks-teks liyane, amarga ora ana teks kang sejatine bisa mandhiri. (Teeuw, 1984:145).

METODHE PANLITEN

Sajrone bab metode panliten iki panliti bakal ngandharake ancangan kang digawe sajrone panliten. Metodhe yaiku tata cara kanggo nggampangake anggone panliti nintingi objek. Sajrone metodhe panliten bakal ngandharake data lan sumber data instrumen pengumpulan data, metode lan teksnik lan tata cara pangumpulane data, uga pangolahe data lan tata cara nulis asile panliten.

Ancangan Panliten

Tintingan kang digawe tumrap panliten iki yaiku tintingan filologi, Mengkone panliten iki diajab supaya bisa menehi bab sing anyar lan menehi sumbangsih marang kasusastran Jawa, mula sajrone metode panliten iki dirantam ancangan panliten supaya menehi kasil kang *maksimal*. Panliten iki ndudhah serat paramayoga, mligine ngandharake bab sejarah pangiwa sajroni isine serat. Teori kang dikanggokake yaiku tintingan filologi. Filologi yaiku ilmu kang nyinaoni naskah-naskah lawas.

Sajrone panliten iki ditindakake suntingan teks nggunakake *edisi diplomatik*. Suntingan *edisi diplomatik* yaiku cara nyunting kang dipilih tembung-tembung utawa panulisane serat wujud tetembangan sing ora trep karo tatanan banjur disunting. Anggone nyunting uga kudu mangerteni pranatan kang ana supaya luwih bener lan bisa dimangerteni pamaos.

Panliten iki diarani panliten kualitatif, amarga sajrone nliiti ora ngkanggokake data angka-angka lan etungan kang ngliputi rumus-rumus tartamtu. Panliten iki mung arep ngudhari isi sajrone naskah, mligine ngenani sejarah pangiwa lan bakal nglibatake serat kang memper.

Metodhe lan Teknik Panliten

Metodhe lan teknik panliten ing ngisor iki diajab bisa nyengkuyung panliten naskah. Amarga perlune

kanggo ngandharake naskah Serat Paramayoga. Supaya bisa cetha, gampang, lan bisa ditrima dening pamaos. Mula perlune ditindakake upaya-upaya kang gegayutan marang metode lan teknik panliten. Kaya tata cara nglumpukake data lan tata cara pangolahe data.

Tata Cara Pangumpulake Data

Tata cara nglumpukake data sajrone panliten iki yaiku kaya apa kang diudharake dening Djamaris (2002:10-11) ana rong cara nglumpukake data ing panliten filologi yaiku *teknik studi pustaka* lan *studi lapangan*, lan cara panliti nglumpukake data kanggo panliten iki yaiku *teknik studi pustaka*. Teknik pustaka yaiku teknik pengumpulan data kang ngkanggokake sumber data awujud tulisan. Pangumpule data ana ing panliten iki ditindakake kaya ing ngisor iki:

1. Maca Naskah

Maca kang ditindakake dening panliti ing kene maca kanthi sipat kritis kanggo mangerteni isi saka naskah kang bakal didadekake sumber dhata. amarga panliti nalika maca uga nindakake salah kegiatan kritik teks lan tranlittrasi, banjur ditindakake kegiatan suntingan teks, tujuwane supaya nerbitake naskah kang bisa dimangerteni dening pamaos, saengga mengko anane kaluputan sajrone naskah bisa langsung ditengeri lan ditindak langsung.

Suntingan kang ditindakake dening panliti ing kene yaiku suntingan edisi diplomatik, ing ngendi panliti ora mung ngowahi tetembungan utawa ejaan kang dirasa salah nanging uga menehi saperangan komentar. Komentar kanggo benerake kang kurang trep utawa salah miturut tatanan kang ana, supaya bisa dimangerteni dening pamaos.

2. Translittrasi Naskah

Baried (1994:63) ngandharake yen *translittrasi* kuwi minangka kegiatan kanggo ngganti jinis tulisan, aksara siji marang aksara liyane. Serat Paramayoga iki ditulis nganggo aksara Jawa mula amrih luwih gampang lan cetha anggone nliiti mula *translittrasi* dilakokake panliten, naskah sing sadurunge ditulis nganggo aksara Jawa ditulis (dijarwakake) dadi tulisan latin, nanging isih nganggo wewatesan basa Jawa.

Tata Cara Pangolahe Dhata

Tujuwan saka andharan ngenani tata cara pangolahan dhata ing kene supaya bisa ngasilake analisis sing cundhuk lan gathuk marang tujuwane panliti. Ana rong metode suntingan yaiku suntingan naskah tunggal lan jamak. Yen naskah tunggal sajrone panliten iki ngetrepake *edisi diplomatik* lan *edisi standar*.

Pangolahe data sajrone panliten iki diandharake kanthi sabanjure ing ngisor iki.

1. Ndeskripsiake Naskah

Serat Paramayoga iki ditintingi kanthi ngandharake kahanan naskah lan teks. Purnomo (2007:33) ngandharake bab-bab kang kudu digatekake sajrone dekripsi naskah yaiku: (1) panggonan nyimpen naskah (2) nomer (yen ana) ditulis kanthi jangkep (3) asmane pangripta utawa panulis (bisa panyalin utawa panerbit) (4) bahane naskah

(papyrus, dluwang, lontar, kulit, wilahan pring, lan liyane) (5) ukurane naskah (6) cacahé gatra saben kaca naskah (7) jinise tulisan (8) kahanane tulisan (cetha, mblawur, rusak) (9) kahanane naskah, umure naskah (10) bab-bab liyane sing nduweni gegayutan marang kahanane naskah.

2. Suntingan Teks

Suntingan teks mujudake cathetan ngenani teks kang dijarwakake cathetan-cathetan arupa (1) *emendasi* mbenerake wacan, wacan dibenerake mituru korpus teks lan metodhe kang dipilih, yen naskah kang digunakake mujudake *codex unicus*, *emendasi* kaleksanan kanthi intuitif, yen naskah mujudake naskah bandhingan, emendasi kalesanan kanthi cara dibandhingake varian wacane (2) cathetan perangan kang rusak (3) cathetan ngenani metrum yen wujud tembang (4) andharan ngenani tembung utawa perangan saka teks kang ora cetha diwaca (Saputra, 2008:100).

Sajrone suntingan teks iki ditindakake kegiatan tintingan kritis. Panliti maca lan nggawe cathetan-cathetan kang dianggep salah sawijine kaluputan. Banjur kaluputan kang wis dikumpulake kuwi ditransliterasi kanthi aparat *kritik* lan *komentar*. Tujuwane yaiku nerbitake naskah kang gampang diwaca lan dimangerteni dening pamaos.

3. Ngandharake Crita Sajrone Serat

Sawise kegiatan ing ndhuwur kalaksanan banjur ngandharake isine naskah. Naskah kasebut ngandhut sejarah terah-temurune Kanjeng Nabi Adam kang nurunake dewa-dewa. Pangiwa ing kene kang bakal dirembug yaiku awit mulane, dianggep owah saka bab agama kang dirasuk dening Kanjeng Nabi Adam, mulane diarani turun pangiwane utawa kang owah saka ajane Kanjeng Nabi Adam.

4. Dudutan

Sawise kabeh diandharake, ing pungkasan ana dudutan saka asile panliten mau. Apa kang ana ing underane panliten isi lan kang wis diandharake ing dhuwur bakal dadi asile panliten lan dilebokake ing dudutan. Saliyane iku uga diandharake tanggapan saka panliti, kritik tumrap naskah lan kritik saka pamaos.

5. Nggawe Dudutan saka Asili Panliten.

Banjur kegiatan pungkasa sawise ngandharake yaiku nggawe dudutan saka asile panliten kuwi. Bab dudutan iki bakal diandharake ngenani *tanggapan* saka panliti, kritik tumrap naskah lan kritik saka pamaos ngenani asil saka panlitene. Saliyane iku uga ana pangarep-arep saka panliti ngenani asil panlitene kanggo tujuwan umum utawa khusus.

Tata Cara Nulis Asile Panliten

Tata cara panulisan panliten ing kene saka panliti diperang dadi bab lan sub bab. Diwiwiti saka bab I-VI supaya runtut anggone nyuguhake asil saka panliten kang awujud laporan ilmiah utawa skripsi. Ana kaya mangkono kuwi wis ana paugerane. Anane laporan lan uga dadi tujuwan saka panliten yaiku *Sejarah Pangiwa Sajrone Serat Paramayoga*.

DESKRIPSI NASKAH LAN SUNTINGAN TEKS

Sajrone bab iki bakal njlentrehake ngenani deskripsi naskah Serat Paramayoga. Isi saka bab iki uga bisa diarani asil panintinge data utawa andharan. Tujuwan andharan naskah yaiku medharake gambaran ngenani kahanan fisik lan isi naskah kang dadi objek panliten. Kegiatan kang ditindakake sajrone deskripsi naskah yaiku ngandharake papan nyimpen naskah, nomer naskah, pangripta naskah, bahan naskah, ukuran naskah, cacahé gatra saben kaca naskah, jinise tulisan, kahanan tulisan, kahanan naskah, umur naskah lan samubarang kang gegayutan karo kahanan fisik naskah (Purnomo, 2007:33-34). Deskripsi naskah nduweni tujuwan kanggo menehi gambaran kahanan naskah marang pamaos, luwih cethane bakal diandharake ing ngisor iki.

Deskripsi Naskah

Purnomo (2007:33-34) ngandharake bab-bab sing kudu ditulis sajrone deskripsi naskah yaiku (1) panggon kanggo nyimpen naskah (2) nomer sing ditulis kanthi jangkep, (3) panulis, (4) bahan naskah, (5) ukuran naskah, (6) cacahé kaca, (7) cacahé gatra saben sakaca, (8) jinis tulisan naskah, (9) kahanane tulisan, (10) kahanan naskah arupa umur naskah sarta kahanan fisik naskah.

Deskripsi naskah duweni tujuwan kanggo ngandharake kahanane naskah, supaya pamaos bisa mangerteni isine naskah lan kahanan *fisike* naskah kang dadi objek panliten iki. Ing bab iki ora bakal dijlentrehake ngenani inventarisasi naskah kaya trap-trapan panliten filologi liyane, amarga naskah kang dadi objek ing kene kalebu naskah pribadi. Sajrone deskripsi naskah bakal diandharake kanthi cara deskriptif lan bakal kaandharake luwih gamblang ing ngisor iki.

Irah-irahane Naskah

Sajrone menehi irah-irahan kanggo sawijine karya sastra, akeh-akehe kanthi cara njupuk jenenge salah sawijine paraga kang dianggep wigati ing sajrone karya sastra mau, utawa kanthi cara liya yaiku njupuk topik kang wigati diandharake dening para paragane. (Purnomo, 2007:72-73). Cundhuk klawan andharan kuwi, mula ana rong cara kanggo ninthingi judhul utawa irah-irahan marang karya sastra yaiku sepisan naskah ditulis tanpa irah-irahan, kaping pindho yaiku kanthi ana irah-irahan sing cetha

Irah-irahan minangka babagan sing paling wigati, amarga saka irah-irahan kita bisa mangerteni kepriye gegambaran isi naskah kanthi cara umum. Panggonane irah-irahan saben naskah deda-beda. kadhangkala manggon ing bageyanyan ngarep sing diarani *manggala*. Kajaba iku uga ana ing mburi sing diarani *kolofon*. Naskah sing dianggo ing panliten iki nduweni katrangan ngenani irah-irahane naskah ing kolofon. Panulis nyebutake utawa mbacutake

Naskah kang ora ana irah-irahane bisa ditemtokake dhewe irah-irahane dening panliti kanthi cara mangerteni isine, sapa pangriptane topik lan perkara kang dirembug sajrone naskah. Bisa uga ndeleng saka naskah kang isine meh saemper karo naskah kang dadi objek panliten.

Naskah kang dadi objek panliten iki bisa kalacak irah-irahane saka isine naskah memper karo naskah kang wis ana, yaiku *Serat Paramayoga*. Bisa dideleng saka isi cerita kang ngrembug babagan tedhak turun pangiwane Nabi Adam menyang Nabi Sis, banjur Sayid Anwar utawa Sang Hyang Nur Cahya. Tumekan pungkasan naskah nyariosake Jaka Puring kaya kutipan ing ngisor iki.

//Nuli sami sinungan wewangi
/ Ingkang wujut bayi nama **anwas**
/ Dene wayah setunggile
/ kang warni cahya wau
/ **Nama Anwar** dupi wuslami
/ Diwasa sayit annas
/ kayuyun ing kayun
/ Walah sampurnaning agama
/ **Sayit anwar** karemenannira mertapi
/ ing wana kungaharga//.... (I,3)


.....//dene para wadya bala
/sedayane kang sami angemasi
/ wus kaganti lenggahipun
/ kuneng mangkya pinarna
/ **raden patih jaka puring** kesahipun
/ saking ing purwa carita
/ mring giling ngaya negari//

Panulisan lan Wektu Panulisan

Serat Paramayoga pangripta asline yaiku Raden Ngabei Ranggawarsita. Ananging *Serat Paramayoga* kang dadi objek panliten iki miturut cerita kulawargane Almarhum Bapak Slamet kaserat ulang utawa kabangun maneh dening Almarhum Bapak Slamet antarane taun 1951. Ora bisa diweruhi ing dina lan sasi apa naskah kasebut diserat, amarga panliti ora nemokake manggala utawa kolofon ing sajrone isi.

Aksara Naskah


Serat Paramayoga kang dadi objek panliten iki, kabeh panulisane migunakake aksara jawa. Ditulis ing kertas putih kanthi tulisan jejeg lan rapi manut garise kertas. Ana saperangan sing ora pati jelas tulisane amarga kena pengaruh wektu lan anggone nyimpen. Ana saperangan kaca kang seratane rada ora nggenah krana kena bekas tetesane banyu. Saperangan gedhe seratan ing naskah kasebut isih cetha kanggo diwaca lan bisa dimangerteni apa isine.



Tabel 4.1 Panulisan aksara Jawa sajrone *Serat Paramayoga*

No	Aksara Latin	Aksara Jawa	Panulisan Sajrone Naskah
1	Ha	ꦲ	
2	Na	ꦤ	
3	Ca	ꦕ	
4	Ra	ꦫ	
5	Ka	ꦏ	
6	Da	ꦢ	
7	Ta	ꦠ	
8	Sa	ꦱ	
9	Wa	ꦮ	
10	La	ꦭ	
11	Pa	ꦥ	
12	Dha	ꦢꦲ	
13	Ja	ꦗ	
14	Ya	ꦪ	
15	Nya	ꦤꦪ	
16	Ma	ꦩ	
17	Ga	ꦒ	
18	Ba	ꦧ	
19	Tha	ꦠꦲ	
20	Nga	ꦤꦒ	
21	Le	ꦭꦺ	
22	Re	ꦫꦺ	

Tabel 4.2 panulisan tandha sajrone Serat Paramayoga

No	Tandha	Katrangan
1		Tandha kanggo titik
2		Tandha kanggo koma
3		Tandha gantine pupuh
4		Tandha kanggo nandhani yen ana seratan sing kliru, dibenerake, utawa ana katerangan ing kaca sabanjure

Bahane Naskah

Miturut Zoetmulder (Kalangwan, 1974) bahan naskah karya Jawa Kuna disebut *karas*, arupa papan utawa watu tulis ananging kanggone mung sawetara. umume naskah Jawa migunakake lontar (godhong tal utawa godhong siwalan), lan dluwang yaiku kertas saka kulit kayu. Bahan naskah mujudake wadhah kanggo nulis naskah. Serat Paramayoga diserat ing kertas warna putih senajan warnane saiki wis owah dadi kuning mbulak, lan digarisi dhewe nganggo potelot kanggo ngencengake wektu nulis. Ditulis nganggo polpen telung warna, yaiku ireng lan biru. Polpen kang warna abang kanggo nulis padalungsi utawa titik.

Ukuran Naskah

Table 4.3 Ukuran Naskah Paramayoga

1	Cacahe kaca	Naskah iki kasusun saka 204 kaca, saben kacane nduweni panomeran dobel (10a, 10b, 11a, 12b, lsp) yen kaitung kabeh ana 408 lembar. Kanthi cathetan bageyan sampul utawa irah-irahan lan kaca awal ngati kaca 6 wis ora ana kawit asline kaca.
2	Ukuran naskah	Dawa : 21,5 cm Amba : 15,5 cm Kandel : 1,5 cm
3	Cacahe larik saben kaca	Cacahe larik saben kaca ora ajeg, ing bageyan awal rata-rata 20-22 larik. Bageyan tengah nganti pungkasan rata- 15 larik.
4	Ukuran tulisan	0,5 cm
5	Dawane aksara saben larik	10-16 gatra / rata-rata 12,5cm
6	Ukuran tengen	1,5 cm
7	Ukuran kiwa	1,5 cm
8	Ukuran dhuwur	2,5 cm
9	Ukuran ngisor	1,5 cm

Wujud Naskah

Wujud panulisan Serat Paramayoga kang dadi objek panliten iki awujud tembang-tembang macapat. tembang macapat kang ana ing sajrone Serat Paramayoga ana 11, yaiku Dhandhanggula, Pangkur, Sinom, Mijil, Megatruh Pocung, Gambuh, Asmarandhana, Dorma, Kinanthi, lan Girisa. Andharan ngenani wujud naskah bakal kaandharake ing tabel ngisor iki.

Tabel 4.4 Tembang macapat sajrone naskah

No	Tembang	Pupuh	Pada	Gatra
1.	Dhandha nggula	Pupuh I	10	100
		Pupuh VII	36	360
		Pupuh XVIII	47	470
		Pupuh XI	33	330
		Pupuh XIX	39	390
		Pupuh XXXII	30	300
2.	Pangkur	Pupuh II	24	168
		Pupuh V	44	308
		Pupuh XVIII	46	322
		Pupuh XXXV	27	189
3.	Sinom	Pupuh IV	35	245
		Pupuh XII	28	189
		Pupuh XX	40	280
		Pupuh XIII	24	168
		Pupuh XXX	36	252
		Pupuh XXXIV	31	217
4.	Mijil	Pupuh VIII	53	318
5.	Megatruh	Pupuh X	40	200
6.	Pocung	Pupuh XXXIII	36	144
7.	Gambuh	Pupuh XIV	43	215
		Pupuh XXIX	28	140
8.	Asmaran dhana	Pupuh III	13	91
		Pupuh XV	20	140
		Pupuh XXI	42	294
		Pupuh XXXI	40	280
9.	Dorma	Pupuh VI	23	161
		Pupuh XVI	36	252
		Pupuh XXVIII	28	196
10.	Kinanthi	Pupuh XXIII	30	180
		Pupuh IX	37	222
11.	Girisa	Pupuh XXV	37	148

Kahanan Naskah

Kahanan umum Serat Paramayoga saperangan gedhe isih apik lan bisa diwaca. Saperangan ana kang ora bisa kawaca aksarane amerga kena banyu lan seratane ora

cetha. Cacahe kaca kang ana isih jangkep, kajaba bageyan awal kang uwis ilang pethal wiwit sampul nganti kaca 6. Seratan kang ora bisa kawaca mung saithik, ananging isih bisa kakira apa tembung saka aksara sadurunge kang luwih cetha. Kahanan naskah kang kaya mangkene kalebu isih apik senjan ora karamut kanthi kromat kaya naskah-naskah kang ana ing Perpustakaan.

Basa Naskah lan Basa kang Mangaribawani

Serat Paramayoga iki migunakake basa jawa ngoko lan krama. Basa jawa kang digunkake saperangan gedhe isih kawuwuhan basa jawa pertengahan lan liyane migunakake basa ngoko biyasa. Zoetmulder sajrone Suwarni (2013:6) ngandharake wiwite basa jawa pertengahan disebabake anane tembung-tembung kang ora dikanggoake lan tuwuh tembung-tembung anayar sajrone masyarakat. Saenggo basane luwih enom. Panggunane basa sajrone *Serat Paramayoga* bakal diandharake luwih gamblang kaya ing ngisor iki.

b) Basa Jawa Ngoko

Penganggone basa jawa ngoko sajrone *Serat Paramayoga* iki mujudake pengunaane basa jawa kang utama. Pangripta milih basa jawa ngoko mangkono nduweni pangajab supaya gampang anggone pamaos mangerteni isi sajrone serat. *Serat Paramayoga* mujudake karya sastra kang kelebu basa gagrag anyar. Kutipan saka naskah kaya ing ngisor iki.

//Sing kebak nuli mintar
/ sayit anwar mrangguli sawiji wit
/ Barindil ngarangronipun
/ Anuli pinerpekan
/ risang tampi sasmitanira yang agung
/ Wit iku arane rawan
/ Akeh sawabira yekti// (II,8)

Andharan ing dhuwur bisa menehi bukti yen serat kasebut migunakake basa Jawa ngoko. Kaya gratra wolu pupuh loro pethikan ing dhuwur yaiku “sayit anwar mrangguli sawiji wit”. Tuladha kasebut mretelakake pakertine Sayit Anwar kang mrangguli sawijine wit kang aran wit rawan. Oyote kang gedhe mancep ing bumi mertandhani dadi panguripane, yenta kabacut bakal dadi matine jagad. Pralambang yenta Para Dewa kagungan pusaka ngaran Cupu Manik Asta Gina.. Rong tuladha kasebut wis bisa menehi gambaran yen sajrone *Serat Paramayoga* migunakake basa Jawa ngoko.

b) Basa Jawa Krama

Serat Paramayoga saliyane migunakake basa jawa ngoko uga migunakake basa jawa krama. Panganggone basa jawa krama ing *Serat Paramayoga* nalika ana paraga kang cecaturan, lan uga nalika pangripta njlentrehake kedadeyan sajrone naskah. Luwih cethane ing kutipan ngisor iki.

//lawang guwa duk katingal
/ seksana manjing mangleksi
/ wonten jalma kang mertapa
/ neng sela gegilang linggih
/ sedhakep suku tunggil

/ cahyanya pindha santun
/ sedheng sidik purnama
/ sang patih cumundhuk nuli
/sang ngatapa mudhar asta tata
lenggah// (IV,6)

Andharan ing dhuwur mretelakake panganggone basa jawa krama ing *Serat Paramayoga*. Bisa dideleng ing pupuh papat pada enem ana tembung “wonten jalma kang mertapa”. Tembung wonten kalebu basa Jawa Krama miturut Baoesastra, amarga basa ngokone isih bisa migunakane ana utawa enek.

Umure Naskah

Ora ana katerangan pasti kang njlentrehake umure *Serat Paramayoga* kang dadi objek panliten iki. Sajrone serat iki ora ana bageyan kang kanthi cetha mbabar ngenani kapan wiwite naskah katulis. Pamliiti ndudut katrangan saka informasi kulawarga panyerata yaiku Almarhum Bapak Slamet kanggo menehi umure naskah, yaiku serat iki umure kira-kira 64 taun. Kajupuk saka awite Almarhum Bapak Slamet nyerat antarane taun 1951 nganti saiki 2015.

SEJARAH PANGIWA

Naskah *Serat Paramayoga* kang dadi panliten iki ngandhut sejarah pangiwa utawa yen ing bebrayan jawa silsilah dewa-dewa hindhustan. Panliten iki bakal medharake sejarah wiwit mulane anane pangiwa lan sapa sing miwiti. Sejarah mujudake ilmu kanggo medhar bab kang wis kelakon utawa bab kang kedadeyan ing jaman biyen kanthi tujuwan menehi pamawas ing jaman saiki.

Awit Mulane Pangiwa

Serat Paramayoga yaiku serat kang sekabehane nyariosaken lelampahane Kanjeng Nabi Adam utawa Sang Hyang Addama serta trah-tumurune para dewa-dewa, tumekan wiwitane mlebu ing tanah jawa. Panliten iki ora bakal ngrembug sekabehane trah-temurune Kanjeng Nabi Adam, ananging mung jupuk bab kang ana sesambungane karo awite pangiwa kang paling narik kawigaten.

Pangiwa yaiku anak temurune Kanjeng Nabi Adam kang mukir saka agama, ora percaya dening anane Gusti Allah. Sabanjure luwih ngegunake daya kakiyatan saka ilmu-ilmu *mistyk*. Kabah iku mau kaya kang dituduhake ing kene:

//tadya malaekat idajil
/ sajarwa mring sayit anwar
/ ngelmu ngelmu **pangiwane**
/ kang patrape panitisan
/ myang nyakra manggilingan
/ myang manjing suruping lampus
/ sayit anwar sampun limpat// (III,13)
//sayit anwar gya winulang
/ kasunyatan kawruh **ubengi bumi**
/ **lakuning surya sitesu**
/ utawa taranggana
/ winangsitan ngelmu weruh
/ bangsanipun makluk saisining radgaya
/ sayit anwar wus pratitis// (II,19)

Dhata kasebut nuduhake pamawas yenta ilmu pangiwa kang ditampa dening Sayit Anwar yaiku saka Malaekat Ngijajil lan luwih percaya marang Malaekat Ngijajil tinimbang Gusti Allah. Bab kasebut wis nuduhake kang ditegesi pangiwa yaiku wis sirik utawa mukir saking agama Islam. Ing pupuh loro pada 19 lan 20 kasebutake Sayit Anwar winulang kawruh lakune bumi, lakune rembulan, srengenge lan mangerteni sekabane bangsa makhluk ing donya.

Trah-temurune Kanjeng Nabi Adam ing kene kang diceritakake dudu trah kang umume kacaritakake kaya ing agama Islam, kayata Nabi Adam, Idris, Nuh tumekan Nabi Muhammad. Ananging ing Serat Paramoyoga iki kang dadi wosing cerita yaiku trah-temurune para dewa-dewa ing kabudayan Hindhi. Miturut panlite kang dadi punjere crita ngenani pangiwa ing kene yaiku ora uwal saka paraga Sayit Anwar, yaiku anake Nabi Sis utawa putune Kanjeng Nabi Adam saking Dewi Dljajah anake Malaekat Ngijajil.

Sayit Anwar

Serat Paramayoga iki kang ditangkep dene panliti yaiku awit mulane pangiwa. Naskah Serat Paramayoga iki yen ngomongake sejarah pangiwa ora bisa uwal saka Sayit Anwar. Miturut isine serat, kang miwiti ilmu pangiwa yaiku Sayit Anwar. Sayit Anwar yaiku anake Nabi Sis saka Dyah Dljajah, yaiku anake Malaekat Idajil ana ing cuplikan serat Paramayoga ing ngisor iki.

“Putra Adam angka 6 ingkang nama Sayidina Sis sareng sampun dewasa piningan jodho dening Gusti Allah widadari anama Dewi Mulat, atut anggenipun apala-krama. sareng anggenipun krama sampun andungkap sawatawis taun, kacarios: Malaekat Ngazazil deling pamirenganipun yen tedhak Adham kinasihan dening Gusti Allah. Malaekat Ngazazil gadhah pangangkah tedhak Adham sageda nunggil kaliyan tedhak Ngazazil, supados saged anurunaken para ratuning manungsa. Ing ngriku malaekat Ngazazil anuwun mrang Gusti Allah sampun katrimah sapanuwunipun. Anakipun estri anama Dljajah lajeng binekta dhateng Kusniyamalebari. Kawasanipun Malaekat Ngazazil, Dljajah Pindha garwanipun Sayidina Sis, anama Dewi Mulat. Dewi amulat ingkang salugu saking kaaling-alingan daya pangabaripun Ngazazil, supados boten ketingal dening Sayidina Sis. Sareng sayidina Sis ningali Dewi Mulat pindhan, salangkung anggenipun gandrung, amergi boten anginten yen punika anakipun Azazil, kakinten bilih garwanipun piyambak, lajeng sinanggama... sareng malaekat Ngizazil uninga yen yutpah sampun tumurun, Dljajah enggal kabekta mantuk dhateng kahyanganipun. Dewi mulat ingkang lugu sampun ketingal.”

Kadadeyan iki kang miwiti trah saking Nabi Adam kang ana utawa kecampuran saka trah Malaekat Ngidajil. Malaekat Idajil mangkono pancen wis nyuwun mring Gusti Allah yen bakal ngganggu trah-temurune Nabi Adam lan dipun sembadani dening Gusti Allah. Sabanjure saka kadadeyan iku mau Nabi Sis duweni Anak loro saka bojone kang asli yaiku Dewi Mulat lan

bojone saka anake Malaekat Ngijajil yaiku Dyah Dljajah. Dewi mulat nglairake bayi loro, siji wis wujud jabang bayi lan siji mung wujud rahsa utawa durung sampurna, kaya ing pethikan saka serat ing ngisor iki.

*//...wan..nci julung wangi
/palethekki surya saka purwa
/Wujud bayi sawijine/ warni cahya sumunu
/Tunggilira suténg idajil
/Dyah delajah ugi babar
/warni rahsa nuju
/Julung pujut wancinira
/iya iku wanci surup sri pradonggapati
/mring Pracimantara// (1, 1)*

*//Ponirah sagya binekta dening
/Mring idaji maring negri kusniya
/Gya winorkèn putrane/ sang dewi mulat mau
/Inggang wujud cahya nelahi
/Cahya sèksa nagatra
/bebayi ing ngriku
/Jeng nabi dahat sih ira
/mring pra wayah kang tuhu pekik kang warni
/Gumilang cahyanira// (1, 2)*

Saka pethikan ing dhuwur bisa dimangerteni yen Dewi Mulat duweni bayi loro kang metune ora bareng. Lairipun bayi jaler kang sepisan ing wektu Julungwangi, utawa bebarengan metune surya. Bayi sijine kang wujud rahsa utawa durung sampurna dilairake dene Diyah Dljajah anake Malaekat Idajil lair ing wektu srengenge sumurup. Bayi kang lair ing wektu julungwangi mau banjur diwenehi jeneng Sayit Anwar utawa Nasa. Dene sijine kang wujud cahya kang digabungake karo rahsane Dewi Dljajah banjur dadi bayi satemene mau diwenehi jeneng Sayit Anwar utawa Nara.

Nalika Dewi Mulat nglahirake bayi kembar, siji arupa bayi jaler lan sijine arupa cahya. ing liya anake Malaekat Ngidajil nglairake awujud Rahsa, banjur dening Malaekat Ngizazil dilebokake ing anake nabi sis kang wujud cahya mau saengga dadi bayi lanang jeneng Sayit Anwar, lan sijine sing wis rupa bayi mau jeneng Sayit Anwas. Inggang Sayit Anwas banget anggone sinau agamane Gusti Allah, kang Sayit Anwar karem ing ngelmu olah kanuragan kayata ora kobong yen kena geni, ora teles kena banyu, bisa memba dadi lanang lan wadon, bisa mibr ing angkasa lan ambles ing dhasare bumi. Saliyane ngelmu olah kaprawirane perang kang disinaoni Sayit Anwar yaiku ngelmu weruh bangsa lelembut

Kadadeyan kasebut kang mula mbukani trah-temurune Adam ana kang saka keturunan Malaekat Ngijajil, yaiku Sayit Anwar. Bisa dideleng nalika dewasane yeng anake Nabi Sis loro iku mau wis beda pamikiran lan wewatekane. Sayit Anwas dewasane seneng ing olah ngelmu agama lan tansah ngabekti mring Allah. Dene Sayit Anwar seneng tetapa ing alas lan olah ilmu kebatinan.

Awit Mulane Sayit Anwar Uwal saka Agama

Sayit Anwar kacaritakake ing serat Paramayoga pancene kawit isih anom seneng olah rasa ing kebatinan. Saliyane kuwi dening kang eyang yaiku Malaekat

Ngijajil kanthi cara samar-samar diwulang babagan kaprawiran ing perang. Rasa kang kepengin oleh sampurnane Ilmu donya pancen wis tuwuh aneng dhirine saka trah eyange yaiku Malaekat Ngijajil.

//dene eyang iku teka maksih
/ kena ngaral tan lulus denira
/ tumitah neng jaman rame
/ sok mengkonoa ingsun
/uga bakal kena ing pati
/ semana sayit anwar
/ sru pangangangkahipun
/ supaya sariranira
/manjiluwa marang sepadhaning dumadi
/ja kena lara lewa// (II,2)

Saka pethikan ing dhuwur saged dipun mangertosi yen Sayit Anwar saya gedhe niyate kepengin oncat saka Agama eyange yaiku Kanjeng Nabi Adam, amerga miturut pamawase dheweke yen terus melut ing agamane kang eyang dheweke ora wurung uga bakal kena ing lara lan pati. Miturute kena ngapa nyembah mring Gusti Allah yen dheweke tetep kena ing lara lan pati.

Ilmu Pangiwa

Ilmu-ilmu gaib kang gedhe duweni daya kang gedhe uga, ora mokal bisa gawa piwulang kabecikan uga piwulang kang gawa rugi malah-malah gawa kacilakan (C.C. Berg, 1985:16). Sajrone *Serat Paramayoga* kasebutake saperangan pamawas ilmu kang kagolong pangiwa. Kaya kang dituduhake ing ngisor iki:

//sayit anwar puruhita winangsit
/ Ing kagunan prawiraning ngaprang
/ Myang umanjing ajur ajèr
/ Tan gesang dene latu
/ tuwin nora teles ing warih
/ Mancola putri putra
/ Lir nyabangkit santun
/ awarna estri priya
/ Angembara myang ambles dhasaring bumi
/ Lan aji pengabaran// (I,5)

Saged dipunmangertosi saking pethikan ing dhuwur yen Ilmu kang diduweni Sayit Anwar saking mertapa ing antarane:

1. Ora tedhas kena latu utawa geni
2. Ora teles kena banyu
3. Bisa memba lanang lan wadon, tegese isa dadi lanang lan uga bisa dadi wadon
4. Bisa ajur, nglebur dhiri utawa ora ketinggal mripat
5. Bisa mletik ngilang
6. Bisa ambles ing jero bumi,
7. lan sapanunggalane ilmu *pangabaran*

Saliyane iku Sayit Anwar uga duweni Ilmu kayata:

1. *lampahing jagad*
2. *srengenge lan rembulan*
3. *bab palakiyah*
4. *sekathahe kikmat,*
5. *lan basane sekabehe makhluk.*

Sayit Anwar Ratune Dewa

Sawise antuk samubarang ngilmu pangiwa saka olehe mertapa lan Malaekat Ngijajil, Sayit Anwar diutus ngambara menyang pula Dewa. Kanggo ngasorake ratune Jim Sayit Anwar mertapa maneh kanthi cara:

1. *yen srengenge neng etan madhep ngetan*
2. *yen srengenge neng kulon madhep ngulon*
3. *yen srengenge ing dhuwur madhep dhuwur*
4. *lan yen bengi kungkum banyu.*

Sasuweni 7taun Sayit Anwar ilang kamanungsanane. *Bisa ing alam kamanungsan lan alaming Jin : Bumi langit ora ketingal, padhang tanpa awan peteng tanpa surya, ora ngeblat.* Sawise iku mau Sayit Anwar bisa ngasorake ratune Jim yaiku Prabu Nurradi.

Kacarita Sayit Anwar jumeneng nata ngganteni Prabu Nurradi ing Pulo Dewa kanthi jejuluk Sang Hyang Nurcahya. Dene sang putra Prabu Nurradi yaiku Rini utawa Mahamuni kadhaupake klawan Sang Hyang Nurcahya. Banjur Sang Hyang Nurcahya sinebut Dewata, tegese guru ing sedaya pulo Dewa.

//sayit anwar kang winarna
/ dennya wau pala krami
/ andungkap ing jaman kitrah
/ iku meh jamane nabi
/ musa kala mulai
/ semana kang garwa sampun
/ garbini prakteng mrongsa
/ babar jalu warna pekik
/ ponang cahya apan tadya sesonka// (IV,14)

//sinung nama yang nur rasa
/ rama ibu eyang sami
/ sanget isih tresnannira
/ diwasannira si pekik
/ taremmane atapi
/ lan guna kasetenipun
/ tan beda lan kang rama
/ tetep wus badan rohkhani
/ ingkang ibu jinis jim lan kang sudarma// (IV,15)

Sawise jumeneng nata dadi ratune dewa Ngasorake Prabu Nuradi yaiku Ratune jin ing pulo Dewa, Sayit Anwar uga ajejuluk:

1. *Sang Hyang Nurcahya*
2. *Sang Hyang Dewata,*
3. *Sang Hyang Dewa Pamungkas,*
4. *Sang Hyang Ngwatmadewa*
5. *Sang Hyang Suksma-kawekas,*
6. *Sang Hyang Suksma-wisesa,*
7. *Sang Hyang Amurbengrat,*
8. *Sang Hyang Manon,*
9. *Sang Hyang Warmana,*
10. *Sang Hyang Warmata,*
11. *Sang Hyang Maha-widdhi,*
12. *Sang Hyang Maha-siddi,*
13. *Sang Hyang Maha-siddem,*
14. *Sang Hyang Maha-mulya,*
15. *Sang Hyang Maha-tinggi,*
16. *Sang Hyang Maha-luhur,*
18. *Sang Hyang Kahanan-tunggal,*

19. Sang Hyang Jagad Murtitaya.

Sang Hyang Nurcahya namung kagungan putra setunggal yaiku Sang Hyang Nurrasa. Putra asiling dhaup klawan Dewi Rini. Jumeneng nata ing pulo dewa.

Nalika jumeneng nata, Sang Hyang Nurrasa uga duweni ajejuluk ing antarane:

1. Sang Hyang Nata-wasesa
2. Sang Hyang Suksma-wisesa
3. Sang Hyang Jagad-wisesa
4. Sang Hyang Jati-murti
5. Sang Hyang Murtitaya
6. Sang Hyang Krimataya
7. Sang Hyang Guru-widya
8. Sang Hyang Rudra-raddhana
9. Sang Hyang Warmana
10. Sang Hyang Warmata
11. Sang Hyang Darma Kiskala
12. Sang Hyang Nirupiksa
13. Sang Hyang Tatwajana
14. Sang Hyang Jatipatya
15. Sang Hyang Darma-sunya
16. Sang Hyang Paramasiddhi.

PANUTUP

Dudutan

Sawise nindakake tintingan tumrap *Serat Paramayoga* ing dhuwur, bisa didudut saperangan babagan ngenani andharan naskah, suntingan teks, unsur historik uga sejarah pangiwa sajrone serat paramayoga. Saliyane iku ing naskah kasebut uga njlentrehake terah-temurune Kanjeng Nabi Adam tumekan dewa-dewa. Naskah kasebut kasimpen ing dalemipun Almarhum Bapak Slamet, Ringinpitu, Tulungagung.

Serat Paramayoga pangripta asline yaiku Raden Ngabei Ranggawarsita, lan kasunting malih dening Almarhum Bapak Slamet antawis taun 1951 ing desa Ringinpitu, RT. 03 RW.03, Kecamatan Kedungwaru, Kabupaten Tulungagung. Naskah kasebut kaserat mawa aksara Jawa. Kahanane naskah isih kalebu apik, lan gampang diwaca, ananging ana kaca kang ora jangkep yaiku kaca 1-6 kang wis pethal. Katitik saka isine, Serat Paramayoga iki wigati banget kanggo diteliti kanthi rowa lan mligi amerga ngandhut pamawas kang luhur bab pamawas sejarah. Basa kang digunakake yaiku basa Jawa ngoko lan krama.

Panliten iki diandharake babagan suntingan teks tumrap Serat Paramayoga kanthi wujud transliterasi, aparat kritik mawa catetan lan diwenehi komentar ing bageyan kang kurang bener. Kanthi suntingan teks kasebut kaajab bisa menehi pambiji tumrap panulisane teks kang durung trep lan ngandhut unsur laras klawan konteks. Disajekake kanthi migunakake suntingan edhisi diplomatik, yaiku suntingan kang ditulis apa anane kaya asline naskah banjur dibenerake ing tabel suntingan teks lan dikomentari. Saliyane kuwi tujuwan edisi diplomatik kanggo njaga keasliane serat.

Serat Paramayoga ditintangi kanthi historik, bab kang ngandhut pamawas bab awit mulane pangiwa lan paraga ing kono. Malaekat Ngijajil, yaiku Malaekat kang uwal saka pritahe Gusti Allah nitisake turune liwat

putrane Nabi Sis. Liwat cara nglirokake garwane Nabi Sis yaiku Dewi Mulat karo putrane Malaekat Ngijajil yaiku Dewi Drajah. Cara kasebut ngasilake anak loro tumrap Dewi Mulat, siji Sayit Anwas lan siji Sayit Anwar. Sayit anwas mituhu ing bab Agami, ananging Sayit Anwar utawa Sang Hyang Nurcahya titisane Malaekat Ngijajil dhemen mertapa lan ilmu pangiwa utawa oncat saka ajaran agamane Kanjeng Nabi Adam.

Pamrayoga

Adhedhasar panliten Naskah Serat Paramayoga kang wis diandharake ing bab sadurunge, panliten babagab sejarah pangiwa sajrone serat paramayoga isih nduweni akeh kekurangan. Senadyan mangkono panliten iki kaajab bisa atur sumbangsih tumrap panliten liya lan mugia bisa dadi sumber pamawas.

Tumrap para pamaca diajab bisa paring pambiji lan pamrayogi kang asipat mbangun uga anyengkuyung panliten iki supaya bisa luwih apik. Para panliti sabanjure kaajab supaya bisa nintingi lan nerusake panliten iki supaya luwih jangkep lan luwih sampurna maneh. Pangajabe panliti tumrap panliti liyane supaya tansah ngeluri warisane leluhur mligine naskah lawas. mugia paring piguna tumrap kula lan panjenengan sami, luwih-luwih tumrap bebrayan wiyar.

KAPUSTAKAN

Atmodjo, Prawiro S. *Bausastra Jawa*. Surabaya: Yayasan Djojo Bojo
Barried, Siti Baroroh. dkk. 199. *Pengantar Teori Filologi*. Yogyakarta: Badan Penelitian dan Publikasi Fakultas Sastra Universitas Gajah Mada
Djamaris, Edward. 2002. *Metode Penelitian Filologi*. Jakarta: CV. Manasco
Endraswara, Suwardi. 2006. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: media press.
Nurgiantoro, Burhan. 2007. *Teori Pengkaji Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
Padmasoekotjo, S. 1987. *Paramasastra Jawa*. Surabaya: P.T Citra Jaya Murti.
Padmasoekotjo, S. 1953. *Ngrengrengan Kasusastran Djawa*. Tanpa Penerbit
Padmasoekotjo, S. 1984. *Wewaton Panulise Basa Jawa Nganggo Aksara Jawa*. Surabaya: PT. Citra Jaya Murti
Purnomo, S. Bambang. 2007. *Filologi dan Studi Sastra Lama (Sebuah Pengantar Ringkasan)*. Surabaya: Bintang Ratna, Nyoman Kutha. 2010. *Teori Metode dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
Sudjiman, Patuti. 199. *Filologi Melayu*. Jakarta: Pustaka Jaya Baried. 1994. *Pengantar Teori Filologi*. Yogyakarta: Badan Penelitian dan Publikasi Fakultas UGM.
Suwarni. 2009. *Pengantar Studi Sastra Jawa Kuna*. Surabaya: Bintang
Teew, A. 1988. *Sastra dan Ilmu Sastra (Pengantar teori Fiksi)*. Jakarta: Pustaka Jaya
Wellek, Rene & Austin Werren. 1990. *Teori Kesusastraan*. Jakarta: PT Gramedia.
Wojowasito, S. 1978. *Kamus umum belanda-indonesia*. Jakarta:
Berg, C. C. 1985. *Penulisan Sejarah Jawa*. Jakarta: Bhratara Karya Aksara.

Endraswara, Suwardi. 2010. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Media Presindo.

Djamaris, Edward. 1997. *"Filologi dan Cara Kerja Penelitian Filologi" Dalam Bahasa dan Sastra III*.

Jakarta Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.

Subgyo, Rahmat. 2009. *TitiUkara Basa Jawa*.

Surabaya:

Kasunting saka

<https://dwiluky.wordpress.com/2011/07/02/ilmu-ilmu-bantu-sejarah/>



UNESA

Universitas Negeri Surabaya